

3 avril 2023

Chè fanmi,

Dapre rekòmmandasyon Depatman sante ak ijyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) epi ann akò avèk gid Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ([cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/schools-childcare/k-12-childcare-guidance.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/schools-childcare/k-12-childcare-guidance.html)), kit tès COVID-19 pral disponib sou plas nan lekòl nou yo epi y ap distribye yo sou demann pou elèv ak estaf ki gen sentòm ak/oswa ki te ankontak avèk yon moun ki gen COVID-19. Nouvo pwosedi sa a pral kòmanse lye me, epi l ap ranplase ansyen metòd kote yo te konn bay chak elèv kat kit tès pa mwa otomatikman an.

Kòm toujou, vaksinasyon ap rete pi bon defans nou kont pwopagasyon COVID-19 la. N ap kontinye ankouraje tout elèv pou yo ajou avèk vaksen yo ak pou yo mete mask lè yo andedan bilding yo, espesyalman pandan sezon viris respiratwa a. Tanpri ale sou paj règleman sante lekòl nou an nan [schools.nyc.gov/2023Health](https://schools.nyc.gov/2023Health) pou jwenn tout enfòmasyon ki ajou.

Timoun ki gen laj 6 mwa pou pi piti elijib pou pran vaksen kont COVID-19. Si pitit ou a elijib men li poko pran vaksen kont COVID-19, tanpri pwofite pran yon randevou nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) oswa rele 311 pou jwenn yon sant vaksinasyon tou pre lakay ou. Vaksen COVID-19 lan gratis pou tout Nouyòkè, kèlkeswa kondisyon imigrasyon oswa asirans ou.

Nenpòt moun ki gen laj senk lane oswa plis ka pran vaksen ranfòsman (booster) COVID-19 yo mete ajou a si yo te resevwa dènye dòz vaksen yo sa gen omwen 2 mwa. Nouyòkè ki elijib yo ta dwe resevwa nouvo dòz ranfòsman (booster) bivalan menmsi yo te resevwa dòz ranfòsman avan yo. Tanpri ale sou [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/stay-up-to-date.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/stay-up-to-date.html) pou plis enfòmasyon sou orè vaksen COVID-19.

Sante ak byennèt elèv nou yo enpòtan pou nou, epi n ap kontinye suiv konsèy ajans sante Vil, Eta ak ajans sante federal nou yo. Mèsi pou kolaborasyon ou toujou bay.

Avèk senserite,



Tracy Agerton  
Asistan Komisè  
Biwo Sante nan Lekòl